

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra nyaéta karya seni dina wangun tulisan anu mangrupa hasil daya imajinatif manusa dina jero pikiran pangarangna, ini bisa ditambahan ogé salaku alat komunikasi antara panulis jeung pamaca. Dina kahirupan karya sastra bisa jadi bahan pangajaran ngaliwatan bacaan-bacaan anu mibanda ajén-inajén. Karya sastra téh teu bisa leupas antara unsur seni jeung basa, sabab basa gedé pangaruhna pikeun kalumangsungna karya sastra. Ku kituna, pikeun ngaéksprésikeun rasa kajiwaan jeung pamaca, pangarang kudu parigel milih kekecapan sangkan éksprésina bisa kagambar tur katangkep ku pamaca, kusabab karya sastra téh salasahiji media pikeun nepikeun aspirasi-aspirasi atawa amanat carita anu hayang ditepikeun ngaliwatan kode-kode dina karya sastra. Nurutkeun Kurniawan (2009, kc.6) proses kréatif pangarang dina ngedalkeun éksprésina bisa diwadahan dina wangun tulisan atawa lisan. Nurutkeun Isnéndés (2009, kc.11) nétélakeun yén karya sastra téh mangrupa produk tina proses kréatif anu taya lian mangrupa éksprésitas pangarang dina ngagelarkeun karyana, boh lisan boh tulisan. Éta ébréhan rasa anu ngajangélék, jadi sastra téh diwadahan kana wadah nu dianggap merenah ku sastrawan, nyaéta dina prosa, puisi, atawa (naskah) drama.

Nurutkeun Sumardjo jeung Saini K.M (1988, kc. 29) prosa atawa prosa naratif téh dina hakékatna dibagi jadi tilu genre, nyaéta novél atawa roman, carita pondok, jeung novélét (novél pondok). Novél mangrupa karya sastra dina wangun prosa anu caritana relatif panjang sarta mibanda galur carita anu kompléks, karakterna réa, témana euyeub, suasana carita jeung latar caritana anu loba wandana. Novél bisa ogé jadi media pikeun ngagambarkeun rupa-rupa kahirupan masarakat Sunda, contona sikep manusa dina kahirupan sapopoé ditilik tina kaonjoyan jeung kahéngkéranna.

Dina prosés kréatif nyieun hiji karya sastra sangkan caritana bisa hirup, ku kituna pangarang ngasupkeun karakter dina unggal tokoh. Karakter ieu téh teu

bisa leupas tina pasipatan-pasipatan manusa anu aya di alam dunya. Unggal tokoh bisa dititénan karakterna tina sababaraha gaya nyarita jeung rupa-rupa éksprési tokoh, kajadian-kajadian anu dialaman ku ungal tokoh, atawa dina déskripsi ogé dina narasi carita. Ku kituna pangarang bisa ngulinkeun daya kréativitas pikeun ngébréhkeun eusi hate jeung pamikiranna.

Potrét kajiwaam para palaku nu aya dina karya sastra anu dijieun ku pangarang salian ti ngawakilan jiwa ti pangarangna éta sorangan, ogé bisa jadi ngawakilan jiwa anu séjénna, dina ieu perkara téh maksudna pamaca. Teu saeutik pangarang anu ngasupkeun caritaan anu kaalaman ku manéhna, ogé kaalaman ku nu séjén. Aya ogé pangarang anu nyaritakeun pangalaman-pangalaman batur (Minderop, 2016, kc 59).

Nurutkeun Abrams (dina Nurgiyanto, 2010, kc.165), para palaku carita ngandung harti jalma-jalma anu dipidangkeun dina karya naratif atawa drama, anu ku nu maca dianggap mibanda kualitas moral jeung kapribadian anu tangtu nu diéksprésikeun ngaliwatan ucapan jeung paripolahna. Tina éta pamadegan bisa katitén yén palaku téh ngawujud struktur kapribadian, sipat, parasaan, jeung émosina. Ku kituna teu salah saupama aya analisis ngeunaan psikologi tokoh dina karya sastra, pamarekan éta téh disebut psikologi sastra.

Keterangan di luhur, luyu jeung pamadegan Minderop (2010, kc.53) nu nyebutkeun yén kiwari karya sastra novél, drama atawa puisi, leuwih nyoko kana unsur-unsur psikologis salaku manifétasi tina kajiwaan pangarangna, kajiwaan tokoh-tokoh fiksional dina caritana, jeung kajiwaan nu macana. Ku kituna unsur-unsur kajiwaan atawa psikologi téa ngeunaan karya sastra bisa disawang tina tiori psikologi. Aya tilu cara pikeun mikanyaho kumaha patalina antara psikologi jeung sastra, nyaéta; a) mutolaah unsur-unsur kajiwaan pangarang salaku anu nyiptakeun karya sastra; b) mutolaah unsur-unsur kajiwaan tokoh-tokoh fiksional anu aya dina karya sastra; jeung c) mutolaah unsur kajiwaan pamaca. Psikologi sastra leuwih nyoko kana masalah ngamutolaah unsur-unsur kajiwaan anu aya dina tokoh-tokoh fiksional karya sastra (Ratna, 2013, kc. 343).

Ku aayana patalina antara psikologi jeung karya sastra anu ngalibetkeun unsur tokoh jeung panokohan, ku kituna novél dianalisis sacara psikologi, lantaran loba unsur kajiwaan anu aya dina tokoh-tokohna. Ku kituna diayakeun panalungtikan ngeunaan karya sastra wangun prosa, hususna novél anu judulna Rini karya Yoseph Iskandar. Ieu analisis make pamarekan psikologi sastra. Ieu pamarekan suméndér kana tiori Sigmund Freud anu leuwih nyoko kana nganalisis tokoh tur panokohan dina karya sastra dumasar kana tiori tur hokum-hukum psikologi anu ngébréhkeun paripolah sarta karakter manusa (Wiyatmi, 2011. Kc. 107). Sangkan ngarojong panalungtikan ieu, novél anu ditalungtik saacan diulik ku psikologi sastra, diulik heula ku tiori structural Robert Stanton.

Aya sababaraha panalungtikan anu sawanda jeung ieu panalungtikan dumasar kana pamanggih panulis, nyaéta nganalisis make pamarekan psikologi sastra jeung objék panalungtikan anu témana sarua, di antarana aya “Tokoh Novél *Pipisan* Karya RAF (Kajian Psikologi Humanistik)” ku Gugun Dedi Guntara (2008), “Ulikan Psikologis dina Novél *Budak Teuneung* Karangan Samsudi pikeun Bahan Pangajaran Nyarita di SMP” ku Rida Lela Meiwindra (2011), “Novél *Patepung di Bandung* Karangan Taufik Faturohman: Tilikan Psikologi Sastra” ku Suci Sarifah Muda’im (2013), “Pakeman Basa Wanda Kekecapan dina Novél *Diarah Pati* Karya Margasulaksana Pikeun Bahan Ajar Pakeman Basa Di SMA” ku Neng Novi Mardiyanti (2018), “Kalimah Salancar Jembar dina novél *Laleur Bodas* Karangan Samsudi (Ulikan Struktur jeung Semantik)” ku Wanda Djulistiana Wiguna Mukti (2018), “Ulikan Struktural jeung Psikologis kana Novél *Sripanggung* Karya Tjaraka Rany Mahardhi” ku Utami Tedjo (2015), “Aspék Kepribadian tokoh Utamadalam Kumpulan Cerpen *Jurig Paséa* jeung *Nyi Karsih* Karya Tini Kartini” ku Gita Kurnia Dewi (2019), “Pendidikan Karakter dalam Naskah Gending Karesmen *si Kabayan jeung Raja Jimbul* Karya Wahyu Wibisana (Kajian Struktur dan Psikologisastra)” ku Sanjani Rahimakumulloh (2015), “Novel-novel Sunda Yang Terbit Tahun-2013 (Pendekatan Struktural dan Psikologi Sastra)” ku Dini Nurfajrin Ningsih (2015), “Naskah Drama *Hutbah Munggaran di Pajajaran* Karya Yus Rusyana (Kajian

Struktural dan Semiotik)” ku Farhan Mustaqim (2019), “Ulukan Struktural jeung psikologi sastra dina naskah drama “Semah” Saduran Rosyid E. Abby.” Ku Tubagus Panji Rahmat H (2020). “Konflik Psikologis Tokoh Utama dina Novel *Budak Teuneung* Karya Samsuedi: Ulukan Struktural jeung psikologi Perkembangan” ku Zulfikar Alamsyah (2020).

Sanajan ieu panalungtikan téh sawanda jeung panalungtikan anu geus disebutkeun, tapi karya sastra anu dianalisisna jeung ambahan dina nganalisisna béda. Dina ieu panalungtikan subjékna nyaéta novél Rini karya Yoseph Iskandar. Analisisna ngagunakeun tiori structural Robert Stanton jeung psikologi sastra Sigmund Freud.

Nganalisis novél Rini karya Yoseph Iskandar make pamarekan struktur jeung psikologi sastra mangrupa salasihiji tarékah pikeun nyumponan pangabutuh masarakat hususna dina maham karya sastra jeung pamahaman dina widang kritik sastra minangka aprésiasi karya sastra dina pasualan watek tokoh. Alatan kitu, hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa mere pangaweruh ka pamaca dina hal pentingna tokoh utama dina novél.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Ieu panalungtikan téh dumasar kana ulikan structural jeung psikologi sastra dina novél Rini karya Yoseph Iskandar. Anu dimaksud psikologi sastra anu diébréhkeun ku Renne W & Austin W (1989, kc. 90), nyaéta: (1) studi psikologi pangarang salaku tipe atawa pribadi; (2) studi prosés kréatif; (3) studi tipe jeung hokum-hukum psikologi anu dilarapkeun kana karya sastra; jeung (4) studi psikologi pamaca. Dina ieu panalungtikan, leuwih nyoko kana aspék anu katilu, nyaéta studi tipe jeung hokum-hukum psikologi anu dilarapkeun kana karya sastra.

Konsep dasar anu jadi ciri has tina tiori strukturalisme nyaéta anggapan yén karya sastra mangrupa struktur anu otonom anu ngan bisa dicangkeum maksudna tina hiji gembleran nu diwangun ku unsur-unsur nu ngarojongna. Analisis

struktur karya sastra bisa ku cara ngaindéntifikasi jeung ngadéskripsikeun fungsi antara unsur instrinsik fiksi nu aya patalina jeung karya sastra.

Psikologi sastra mekar dina sagala widang kahirupan, kitu deui di dunya sastra. Psikologi nyaéta pangalaman atawa kajiwaan manusa, anu museurkeun panitén kana sipat, sikep, paripolah manusa.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar idéntifikasi masalah di luhur, ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carita (téma, fakta carita, jeung sarana sastra) nu nyangkaruk dina novél Rini karya Yoseph Iskandar?
- 2) Kumaha kondisi psikologis nu karandapan ku tokoh utama dina novél Rini karya Yoseph Iskandar?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana rumusan masalah di luhur, tujuan umum dina ieu panalungtikan téh pikeun nambahan kajian dina widang sastra utamana anu ngulik mane pamekaran struktural anu focus ka unsur psikologi.

1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana tujuan umum, tujuan husus dina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) unsur sastra nu nyangkaruk dina novél Rini karya Yoseph Iskandar;
- 2) struktur carita anu nyangkaruk dina novél Rini karya Yoseph Iskandar; jeung
- 3) kondisi Psikologis tokoh utama dina novél Rini karya yoseph Iskandar.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nyaéta nambahan pangaweruh jeung pamahaman dina ngajén karya sastra, hususna kajian kritik sastra strukturalisme jeung psikologi kana novél rumaja.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nambah kaparigelan dina nulis kritik sastra strukturalisme jeung psikologi sastra rumaja.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi ngawengku lima bab. BAB I, eusina mangrupa bubuka, ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis, mangpaat praktis, sarta struktur panulisan dina ieu skripsi.

BAB II, eusina ngeunaan ulikan tiori anu dipaké pikeun ngarojong ieu panalungtikan. Tiori anu dipedar nyaéta ngeunaan ulikan psikologi, wangenan novél, kamekaran novél sunda, papasingan novél, struktur novél sunda, psikologi humanistic, perkembangan psikologi, factor-faktor anu mangaruhan kana psikologi manusa. Tuluy medar panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir.

BAB III, eusina ngeunaan métodologi anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nu ngawengku desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, téhnik panalungtikan, data instrumén panalungtikan jeung téhnik ngolah data.

BAB IV, eusina ngeunaan déskripsi tina hasil panalungtikan, anu ngawengku pedaran hasil analisis data psikologi tokoh utama dina novél Rini, anu ngawengku faktor-faktor jeung perkembangan psikologi na ogé.

Dina BAB V, eusina nyaéta ngadéskripsikeun kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi, saran jeung rékomendasi pikeun panalungtikan satuluyna.